

BAB III

MÉTODEU PANALUNGTIKAN

3.1 Metode Panalungtikan

Dumasar kana masalah jeung tujuan anu hayang kahontal, ieu panalungtikan téh ngagunakeun métode deskriptif nya éta métodeu anu bisa ngungkulan pasualan-pasualan anu aktual ku cara ngumpulkeun data, ngelompokkeun data, ngaanalisis jeung nafsirkeun data (Surakhmad, 2004, kc. 140)

Métodeu panalungtikan dihartikeun salaku cara ilmiah pikeun meunangkeun data kalayan udagan jeung mangpaat nu tangtu (Sugiyono, 2011 kc. 3). Sedengkeun nurutkeun Arikunto (2010, kc. 203) métode panalungtikan nya éta cara anu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif sabab objék panalungtikanna mangrupa bagian tina peristiwa basa sarta hasil panalungtikan mangrupa wangun tinulis. Ieu sarua jeung wangenan métode kualitatif nurutkeun Bogdan jeung Tylor (dina Muhammad, 2011, kc.30) yén metodologi kualitatif salaku prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data déskriptif mangrupa kekecapan tinulis atawa lisan ti jalma-jalma anu paripolahna bisa ditalungtik. Ari nurutkeun Muhammad (2011, kc.3) nyebutkeun yén :

... bahwa salah satu fenomena yang dapat menjadi objek penelitian kualitatif adalah peristiwa komunikasi atau berbahasa karena peristiwa ini melibatkan tuturan, makna semantik tutur, orang yang bertutur, maksud yang bertutur, situasi tutur, peristiwa tutur, tindak tutur, dan latar tutur.

Métodeu nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif analitik. Métode panalungtikan déskriptif analitik dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta/data-data anu satuluyna dianalisis, (Ratna, 2013, kc. 53). Tujuan tina ieu métode nya éta pikeun

ngadéskripsikeun atawa ngajelaskeun gambaran sistematis ngeunaan sumber data anu ditalungtik


Ieu métodeu dipaké pikeun ngadéskripsikeun gaya basa jeung ajén kaagamaan katut struktur carita unggal carpon dina kumpulan carpon *Ki Merebot* karya Ahmad Bakri, anu satuluyna baris dilarapkeun pikeun bahan pangajaran maca carpon di SMP. Léngkah-léngkah ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Ngumpulkeun data, mangrupa déskripsi carita unggal carpon nu aya dina kumpulan carpon *Ki Merebot* karya Ahmad Bakri.
- 2) Ngadéskripsikeun téma carita jeung fakta carita (galur, tokoh jeung penokohan, jeung latar).
- 3) Nganalisis gaya basa jeung ajén kaagamaan dina unggal téma carita katut tokoh penokohan anu aya dina kumpulan carpon *Ki Merebot* karya Ahmad Bakri;
- 4) Ngawilah-wilah carpon mana waé anu luyu pikeun dijadikeun bahan pangajaran maca di SMP; jeung
- 5) Ngadéskripsikeun hasil penapsiran jeung kacindekan analisis.

3.2 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan nya éta gambaran umum panalungtikan nu mangrupa proses atawa léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan. Désain anu dipaké dina ieu panalungtikan kagambar saperti ieu di handap.

Bagan 3.1 Désain Panalungtikan



Nyusun Laporan

3.2 Sumber Data

Sumber data dina panalungtikan nya éta subjék asal (ti mana) data dibawa. Upama panalungtikan téh make dokuméntasi, dokumén, mangrupa sumber data, ari eusi dokumén disebut subjék panalungtikan atawa variabel panalungtikan (Arikunto, 2010, kc.172). Sumber data dina ieu panalungtikan téh nya éta buku kumpulan carpon *Ki Merebot* Karya Ahmad Bakri.

3.2.1 Déskripsi Buku

Buku kumpulan carpon *Ki Merebot* karya Ahmad Bakri dipedalkeun ku PT Kiblat Buku Utama, citakan katilu bulan Pébruari taun 2013. Ukurana 15x20 cm, kandelna 97 kaca, nu ngawengku opat judul carpon.



Gambar 3.2 Jilid Buku Hareup jeung Tukang

Nya éta *Lebaran Poé Jumaah* ngawengku 8 kaca, *Abah Mandor* ngawengku 14 kaca, *Kiai Modin* ngawengku 9 kaca, jeung *Ki Merebot* ngawengku 18 kaca.

Dina buku kumpulan carpon ilaharna sok aya ilustrasi dina jilidna, éta ilustrasi dina jilidna, éta ilustrasi biasana sok aya patalina jeung caritaan anu aya dina éta kumpulan carpon. Kumpulan carpon *Ki Merebot* ieu diilustrasikeun ngaliwatan jilidna. Jilidna warna bodas digambarkeun aya ki merebot anu keur nakol bedug.

Dina jilid tukang nama euweuh gambaran, tapi aya tulisan anu eusina nyaritakeun salasihiji carpon dina ieu kumpulan carpon anu judulna Ki Merebot, tulisan na téh nya éta.

“Enya nyanéh ngahalalkeun bayawak, hah?. Henteu, Juragan, teu nyebat halal.... Abdi mah nyarios bari heureuy...., bayawak tiasa diteda. Maksud abdi téh dicapék, Juragan..... Bénten deui sareng batu... sareng suluh”.

Geur deui sareuri teu katahan. “Kurang ajar....!” Saur Juragan Naib. Pasemon ngageunteul awahing ku bendu. “Awas siah, Merebot, hadis mah teu beunang dibawa heureuy, deuleu.... Doraka, siah!”

“Kumaha atuh, Juragan, pan sareng tatangga.... Sering dongkap ka rorompok ngadon ngobrol babalagonjangan.” Ger deui ngaguruh saémpér masigit.

Dina Ki Merebot, Ahmad Bakri kalawan tapis ngagunakeun basa Sunda dina wangun paguneman anu merenah tur hirup, hususna dina ngagambarkeun kahirupan di pilemburan mangsa saméméh perang. Bisa jadi lantaran kasang tukangna guru, loba amanat nu haying ditepikeun dina carpon-carponna téh. Tapi kusabab mahér nyelapkeun heureuy has Sunda, éta amanat téh karasa mapatahan ku nu macana.

3.2.2 Biografi Singget Pangarang

Ahmad Bakri gumelar di Rancah, Ciamis ping 11 Méi 1917. Tilar dunya di Ciamis ping 18 Juli 1988. Anjeunna lain waé kaasup pangarang Sunda anu produktif, tapi deuih kungsi meunang jujuluk pangarang favorit, dumasar kana hasil



Gambar 3.3 Ahmad Bakri

angkét *Manglé* dina taun 80-an. Tangtu aya dasarna hasil angkét *Manglé* téh; karangan Ahmad Bakri, boh carpon boh carnyam anu dimuat dina éta majalah loba anu mikaresep, malah sok kacida diarep-arepna.

Satamatna ti Sakola Ra'yat 3 taun, Ahmad Bakri neruskeun ka Schakel School (sakola sambungan) di Ciamis. Meunang sawatara bulan kungsi masantrén di Genténg jeung Sadéwa. Taun 1937, milu keurseus montir di Bandung, tapi teu kungsi tepi ka tamat. Ti dinya digawé di PTT, tepi ka jaman Jepang.

Satutasna pengakuan kedaulatan (taun 1949), Ahmad Bakri sapiriumpi pindah ka Bandung, lantaran kaayaan di lemburna teu aman balukar gangguan gorombolan. Kungsi ngajar di SD Cicadas (1952), tuluy miluan ujian persamaan SGB, ditéma deui ku KGA, anu sabada tamat diteruskeun ka B-1 Basa Sunda. Sanggeus ngantongan diploma B-1, Ahmad Bakri ditempatkeun jadi guru SPG Ciamis, nepi ka pangsiunna

(1973). Ti dinya terus diangkat jadi Kepala SPG Muhammadiyah Ciamis, tapi kalah ménta diturunkeun deui jadi Wakil Kepala, sabab haying aya waktu anu lalusa pikeun ngarang.

Karya-karya Ahmad Bakri anu geus medal mangrupa buku di antarana *Payung Butut, Rajapati di Pananjung, Sanghiang Lutung Kasarung, Srangéngé Surup Mantén, Sudagar Batik, Mayit dina Dahan Jéngkol, Jurutulis Malingping, Asmara murka jeung Bedog Sri Rajapati, Ki Merebot, Dina Kalangkang Panjara, Dukun Lepus, Kabandang ku Kuda Lumping, jeung Mapag Perang Bharata*.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi bibliografi (ulikan pustaka). Téhnik ulikan pustaka mangrupa kagiatan niténan, neuleuman, nalaah, jeung ngaidéntifikasi pangaweruh. Dilaksanakeun ku cara neuleuman buku-buku sumber anu aya pakuat-pakaitna jeung konsép tioritis katut bahasan pasualan panalungtikan (Arikunto, 2010, kc.75).

3.4 Léngkah-léngkah Analisis Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngaliwatan sababaraha léngkah, di antarana:

- 1) Néangan téori ngeunaan gaya basa, ajén-inajén dina basa Sunda, jeung kumpulan carpon *Ki Merebot*.
- 2) Maca buku gaya basa, ajén-inajén dina basa Sunda, jeung kumpulan carpon *Ki Merebot*.
- 3) Nyirian gaya basa naon waé anu nyampak dina kumpulan carpon *Ki Merebot*, katut ajén kaagamaanana; jeung pangaruhna pikeun pangajaran maca carpon kelas VII SMP.
- 4) Nyalin hasil analisis ngeunaan gaya basa, ajén kaagamaan kana kartu data.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén mangrupa alat anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data dina hiji panalungtikan (Arikunto, 2010, kc. 150). Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kartu studi jeung tabél.

3.5.1 Instrumén Analisis Gaya Basa nu Aya dina Kumpulan Carpon

3.1 Tabel Analisis Gaya Basa

| No | Gaya basa nu nyampak | Kode Carpon | | | | Kutipan Carpon |
|----|----------------------|-------------|---|---|---|----------------|
| | | A | B | C | D | |
| 1 | Ngupamakeun | | | | | |
| 2 | Lalandian | | | | | |
| 3 | Mijalma | | | | | |
| 4 | Ocon | | | | | |
| 5 | Ngasor | | | | | |
| 6 | Rautan | | | | | |
| 7 | Ragaman | | | | | |
| 8 | Rarahulan | | | | | |
| 9 | Kadalon | | | | | |
| 10 | Ébréhan | | | | | |
| 11 | Kahanan | | | | | |

Analisis gaya basa nurutkeun Sudaryat (2010, kc. 125-133).

3.5.2 Instrumén Analisis Ciri-ciri Patalina Ajén Kaagamaan dina Kumpulan Carpon

Tabel 3.2
Analisis Ciri-ciri Patalina Ajén Kaagamaan

| No | Ajén Kaagamaan | Kode Carpon | | | | Kutipan Carpon |
|----|--|-------------|---|---|---|----------------|
| | | A | B | C | D | |
| 1 | Hubungan hadé ka Allah jeung ka jelema | | | | | |
| 2 | Hubungan hadé ka Allah tapi goréng ka jelema | | | | | |
| 3 | Hubungan goréng ka Allah tapi hade ka jelema | | | | | |
| | Katerangan : Ceklis (√) salasahiji ciri-ciri | | | | | |

Analisis ciri-ciri ajén kaagamaan nurutkeun Anshari (2004, kc. 30).

Katerangan:**Kode Carpon**

A : *Lebaran Poé Jumaah*

B : *Abah Mandor*

C : *Kiai Modin*

D : *Ki Merebot*

3.5.3 Instrumén Analisis Téma dina Kumpulan Carpon

Gambar 3.4
Kartu Data Téma

| | |
|-------------|---|
| No | : |
| Kode Carpon | : |
| Téma | : |
| Kaca | : |
| Catetan | : |

3.5.4 Instrumén Analisis Latar Tempat, Waktu jeung Sosial dina Kumpulan Carpon

Gambar 3.5
Kartu Data Latar

57

Donny Gandara Irawan, 2016

GAYA BASA JEUNG AJÉN KAAGAMAAN DINA KUMPULAN CARPON KI MEREBOT KARYA AHMAD BAKRI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA CARPON DI SMP KELAS VIII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

| | |
|--------------|---|
| No | : |
| Kode Carpon | : |
| Latar tempat | : |
| Latar waktu | : |
| Latar sosial | : |
| Kaca | : |
| Catetan | : |

3.5.5 Analisis Panokohan dina Kumpulan Carpon

Gambar 3.6
Kartu Data Panokohan

| | |
|------------------|---|
| No | : |
| Kode Carpon | : |
| Ngaran tokoh | : |
| Katerangan tokoh | : |
| Watek tokoh | : |
| Catetan | : |

Katerangan

T : Téma

L : Latar

L Tempat : Latar Tempat

L Sosial : Latar Sosial

L Waktu : Latar Waktu

Kode Carpon

A : *Lebaran Poé Jumaah*

B : *Abah Mandor*

C : *Kiai Modin*

D : *Ki Merebot*

Conto analisis dina kartu data téma carpon nya éta:

Kabiasaan beberesih dina mapag bulan Puasa kusabab aya hubunganana jeung ajén kaagamaan.

Catetan : Tapi usum mapag tanggal lilikuran bulan Puasa mah masjid nu sasarina cakueum tiiseun téh ngadak-ngadak hégar, bilikna dikapur, buruanana dikoréd lening. Béda deui tanggal lilikuran mah, da ceuk Lebé gé usum lungsur Laélatul Kodar.
Ngahormat éta cenah. 1 – T – A – HMM+L-1

Harti éta kode data téh nya éta no hiji, téma tina kode carpon hiji, hubungan manusa jeung manusa ogé alam, kaca sapuluh. Hasil analisis ajén kaagamaan tina jeung tokoh panokohan diasupkeun kana tabel 3.3

Keterangan :

+ nya éta sikep nu luyu jeung norma agama berarti hade hartina positif

- nya éta sikep nu teu luyu jeung norma moral berarti goréng hartina negative

HMM+L nya éta hubungan manusa jeung manusa ogé alam
 HMD nya éta hubungan manusa jeung dirina
 HMA nya éta hubungan manusa jeung Allah SWT

3.5.6 Analisis Wujud Ajén Kaagamaan dina kumpulan carpon

Tabel 3.3

Analisis Penggolongan Wujud Ajén Kaagamaan dina Kumpulan Carpon

| No | Ajén Kaagamaan | Kode Carpon | | | | Indikator | HMA HMD HMM+L |
|----|---------------------------|-------------|---|---|---|-----------|---------------------|
| | | A | B | C | D | | |
| 1 | Luhung élmu agamana | | | | | | |
| 2 | Tawekal | | | | | | |
| 3 | Ma'rifat | | | | | | |
| 4 | Teu taat ka Allah SWT | | | | | | |

| | | | | | | | |
|---|---------------------------------|--|--|--|--|--|--|
| 5 | Kurang ngarti kana ajaran agama | | | | | | |
| 6 | Gampang sukuran | | | | | | |

3.6 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun téhnik analisis data. Téhnik analisis data digunakeun pikeun ngadéskripsikeun data ngagunakeun ulikan structural sarta ngarumuskeun sababaraha hal anu patali jeung gaya basa ogé ajén kaagamaan dina kumpulan carpon, tuluy dianalisis dumasar kana gaya basa jeung ajén kaagamaanana. Data anu dikumpulkeun dina ieu panalungtikan tuluy dianalisis dumasar kana léngkah-léngkah ieu dihandap.

- 1) Maca unggal carpon anu aya dina ieu kumpulan carpon Ki Merebot karya Ahmad Bakri.
- 2) Nyirian jeung ngasupkeun kana tabél analisis gaya basa naon waé anu nyampak dina kumpulan carpon Ki Merebot karya Ahmad Bakri.
- 3) Nyirian jeung ngasupkeun kana kartu data unggal téma, jeung latar nu aya dina kumpulan carpon Ki Merebot karya Ahmad Bakri.
- 4) Ngadéskripsikeun téma carita jeung fakta carita (galur, tokoh jeung panokohan, jeung latar) nu geus dicirian, tuluy nganalisis ajén kaagamaan dina kumpulan carpon Ki Merebot karya Ahmad Bakri.

- 5) Ngawilah-wilah carpon mana waé anu luyu pikeun dijadikeun bahan pangajaran maca carpon di SMP tuluy nyieun bahan pangajaran.